

Otorite Pon ak Tinèl Triborough (“TBTA”) k ap fè biznis sou non MTA Bridges and Tunnels, ap fè yon odyans piblik sou Lwa Pwosedè Administratif Eta (SAPA) sou chanjman ki pwopoze nan 21 Kòd, Règ ak Règleman Nouyòk (NYCRR) Seksyon 1021.2 ki abòde dosye limit veyikil ak siveyans vyolasyon pwa an mouvman. Odyans piblik la ap egzamine itilizasyon piblik, avantaj, objektif, ak kote chanjman regilasyon sa yo ap fèt epi l ap bay piblik la yon opòtinite pou yo fè kòmantè.

Deskripsyon pwojè yo

TBTA ap pwopoze chanjman regilasyon pou abòde sa ki annapre yo:

- Etabli yon Sistèm Siveyans Vyolasyon Pwa an Mouvman (WIM) ak fikse tarif pou yon Sistèm Siveyans WIM vyolasyon lè moun depase limit pwa yo;
- Chanjman nan kondisyon degajman vètikal sou pon ak tinèl TBTA yo; ak
- Montan yo mande pou peye pou veyikil ki bezwen nouvo pèmi pou jesyon espesyal pou veyikil ki depase dimansyon ak/oswa pwa yo.

Responsablite pou pwojè pilòt sou pwa an mouvman sou pon Robert F. Kennedy (RFK)

Lwa sou Veyikil ak Trafik nan Eta Nouyòk (NYS VTL) te modifiye an 2025 pou otorize itilizasyon teknoloji WIM sou Pon RFK pou fè respekte limit pwa kamyon yo avèk sekirite ak efikasite epi enpoze amann pou moun ki vyoile l yo. Komite TBTA a te apwouve pwojè a apre yon odyans piblik nan mwa oktòb 2025. Chanjman sa a fikse responsablite yon pwopriyete veyikil pou yon vyolasyon Seksyon 385 nan VTL la ap **\$650** pou chak vyolasyon. Lòt montan pou reta ap aplike tou.

Chanjman nan degajman vètikal pou pon ak tinèl

Lwa sou Veyikil ak Trafik Eta Nouyòk §1621(c) egzije degajman legal sou pon ak tinèl la dwe distans yon pye mwens pase degajman ki mezire a. Degajman ki mezire a dwe wotè minimòm ak pon an oswa estrikti a ki mezire vètikalman an soti nan pati wout la kote machin pase a. Revizyon yo nan limit veyikil yo ap pwopoze pou adopte pou mete ajou 21 NYCRR §1021.2 pou reflete ak prezizyon degajman ak lajè ki genyen kounye a nan pon ak tinèl TBTA ak pou satisfè kondisyon sa a.

Chanjman nan tarif montan pou veyikil ki bezwen jesyon espesyal

An 2026, TBTA ap kòmanse trete demann pèmi pou veyikil ki bezwen jesyon espesyal (depase dimansyon ak/oswa pwa) grasa Sistèm Kredi pou Veyikil ki Twò Gwo e ki Twò Lou sou Otowout la (HOVCS). Veyikil ki jwenn yon pèmi pou travèse estrikti TBTA yo ap peye yon lòt montan ki se \$55 oswa tarif yo peye pa lapòs ki aplikab la, ki pi wo a. Y ap revize langaj ki nan 21 NYCRR §1021.2 pou modifiye taks la pou machin ki bezwen jesyon espesyal.

Dat, Lè ak Kote Odyans Piblik Ibrid la ap fèt

Lendi 17 Out 2026

Odyans lan ap kòmanse a 6:00 p.m. pou l fini a 8:00 p.m.

Enskripsyon moun k ap gen pou pale yo ap louvri a 5:30 p.m. epi l ap fèmen a 6:30 p.m.

MTA Headquarters, 2 Broadway, 20th Floor, William J. Ronan Board Room, New York, NY 10004.

Fason pou w ale

Pran Subway: Pase sou 4 5 lan ki ale Bowling Green; R W ki ale Whitehall Street; 1 ki ale South Ferry oswa J Z ki ale Broad Street.

Pran Bus: M15, M15 SBS, M20, M55, SIM4C

Nan Staten Island Ferry: Pran Staten Island Ferry ki ale South Ferry Terminal.

Fòma Odyans Piblik la

Se pral yon odyans piblik ibrid ak patisipasyon an pèsòn epi sou platfòm entènèt Zoom ki gen fonksyon konferans nan telefòn, ak yon difizyon an dirèk disponib sou sit entènèt MTA 2026 Bridges & Tunnels SAPA mta.info/sapa-hearing

Enskri pou w pale nan Odyans Piblik la

Moun ki entèrese pou yo pale nan odyans piblik la dwe enskri davans. **Chak moun ki vle pale ki enskri ap gen de (2) minit pou l pale.**

Pou w enskri pou w pale ou ka 1) enskri anliy sou mta.info/sapa-hearing oswa 2) rele **Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646)252-6777** (Ajan nan telefòn yo ap disponib soti 6 a.m. rive 10 p.m. chak jou) oswa 3) enskri an pèsòn nan odyans lan. Ou ka voye kòmantè alekri epi mande plis enfòmasyon atravè menm opsyon ki mansyone pi wo a. Enskripsyon ap ouvri nan dat 17 jen 2026, a 6:00 a.m., epi l ap fèmen a 6:30 p.m. nan dat 17 out 2026. Nou dwe voye tout kòmantè alekri yo anvan 5:00 p.m. nan dat 27 out 2026. Yo pral transkri kòmantè yo epi mete yo nan dosye pèmanan odyans sa a.

Lòt fason pou w fè kòmantè oswa mande enfòmasyon se

Pa lapòs: Pou w voye kòmantè, pou plis enfòmasyon oswa kesyon sou odyans lan, lèt yo ta dwe ale pou: **MTA Government & Community Relations, Re: TBTA SAPA Public Hearing, 2 Broadway, D16.94, New York, N.Y.10004.**

Pa imel: languageaccess@mtahq.org

Aksè ak Sèvis Asistans Lang

Nan odyans piblik la, ap gen Lang Siy Ameriken ak Soutij CART k ap disponib.



Moun ki Soud oswa ki Gen Pwoblèm pou Tande ka itilize sèvis transmisyon yo prefere, oswa sèvis transmisyon 711 gratis la pou yo konekte ak Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777.

Moun ki Avèg oswa ki Pa Wè byen ka mande aranjman nan dat oswa anvan 31 jiyè 2026, lè yo voye yon demann sou entènèt sou ting a request on-line at mta.info/sapa-hearing oswa lè yo rele Liy Dirèk Odyans Piblik la nan (646) 252-6777.

Moun ki Pa Gen Aksè ak Entènèt ka antre nan odyans lan lè yo rele reyinyon Zoom nan ki nan nimewo (646) 828-7666 epi antre ID Reyinyon an: 165 136 8526, epi peze dyèz (#).

Pou asistans lang oswa lòt aranjman: Tanpri voye yon demann omwen 10 jou ouvrab (31 jiyè 2026), anvan dat odyans lan sou entènèt, pa telefòn, pa lapòs oswa pa imel nan languageaccess@mtahq.org.

	Information in other languages is available on our web site or via telephone.	 or 877-690-5114 (outside New York State)
	La información en otros idiomas está disponible en nuestra web o por teléfono.	
	Информация на других языках доступна на нашем веб-сайте или по телефону.	
	Enfòmasyon nan lòt lang disponib sou sit entènèt nou an oswa pa telefòn.	
	다른 언어로 된 정보는 당사 웹사이트나 전화로 확인하실 수 있습니다.	
	其他语言版本信息请浏览我们的网站或致电。	
অন্যান্য ভাষার তথ্য আমাদের ওয়েবসাইটে বা টেলিফোনের মাধ্যমে পাওয়া যায়.		
אנפורמאציע אין אנדערע שפראכן איז אפגארעך און ערפינגליך אדער דורך טעלעפאן.		
Le informazioni in altre lingue sono disponibili sul nostro sito web o telefonicamente.		
توفر المعلومات بلغات أخرى على موقعنا الإلكتروني أو عبر الهاتف.		